Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 60-61(9964-9965) | 17 август | Рузман | 2018 сон

*ТIоцебесеб фестиваль-ГIандадерил буртина*

## КЬЕРХЕН БУКIАНА МУГIРУЗДА, ХИНЛЪИ ХУТIАНА РАКIАЗУЛЪ




ХъахIилаб зодил кесек ракьалде бортун бугилан ккола Чачаназулги Дагъистаналъулги гIорхъода «Казеной-ам» хIорихъе раккидал. КигIанха БетIергьанасул хIалкIолъи бугеб ва, хIикмат нилъеда бихьизабизелъун гIадин, рорхатал мугIрузул жаниблъиялда гьеб гIаламат ралъад лъугьараб …

БукIана кьерханкъо, кьогIаб ва согIаб. ГIандадерил мугIрузда, риидалги гьогьом гуребги, радал-бакъанида квачги камуларо. Байрамкъо гьаниб гьабулеб бугилан цебего лъазабун букIиналъ, щивасул рекIелъ хинлъи букIана ва гьединго гьардолелги рукIанилан ккола роцIараб гьава-бакъ кьеха дуца, Аллагь, гьаб жакъайилан. Жеги цудунго, цебесеб къоялъго рахана ниж гьенире, гьабизе, тезе кколелъул пикрабиги дандразе, гьединго хIадурлъиги гьабизе. ГьанжелъизегIан, «ГIандадерил буртина» конкурс хIисабалда тIобитIулаан Болъихъ райцентралъул, культураялъул кIалгIаялда ва кьолаан бергьаразе шапакъаталги . Гьел къецалги тIоритIулаан хас гьарун Зоя Абакарова ва МухIамад Жамалудинов ракIалде щвезаризелъун. БакI ккун букIадго абилин, гьел рукIана, тIоцере «ГIандадерил кьурди» ургъарал ва гьеб машгьур гьабуразул тIоцересел. Гьез лъазабуна гьеб кьурдиги нилъер гIадатги цого-цо Дагъистаналда гуребги, тIолабго дунялалдаго. Дагьабго рагьун абунани, цIар араб Академическияб кьурдул ансамбль «Лезгинка»-ялъги чамалиго саназдаса хадуб лъуна гьеб кьурди жидерго коллективалда ва жакъаги кIудияб асар кьолагьеб кьурдиялъ, унго-унголъунги гьеб буртина сценаялда бугIулеб бугилан цебеги чIезабула.

ЧIванкъотIун абуни, «праздник удался»- ян гIурусаз абухъего, ана нилъер гьаб байрамги, тIадегIанаб гIуцIигун, гIадамазул рекIелъ хутIулеблъун ва хаду-хадубги гьелъул къиматгун къадру къоялдаса-къоялде, сонталдаса сонталде борхиялда бижана хьулги. Пайда гьелдасан цохIого цо кьурди, кечI-макъан гуребги ккана-рекъелгун гьудуллъиги, мадугьалзабазда гьоркьоб гьуинлъиги лъугьинабиялде рекIелчIейги бижизабуна. ПалхIасил киназдаго бичIчIана Буртина унго-унголъунги хIажатаб, чара гьечIого магIарулазе гIолареб ратIлилгун ва рукъалъул алат гIадин, магIида бан букIине рекъараб букIин. Байбихьана байрам.

Данделъи рагьана, районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас. Гьес баянго ва якъинго бицун течIого, бичIчIизеги гьабуна гьалбадеридаги ва нилъерго хадусеб гIун бачIунеб гIелалдаги, ГIандадерил буртина щай абулебалиги ва хадубккун гьеб нилъер районалъул гьумерлъунги, гIаламатлъунги хутIараб РахатIа фабрика рагьиги, ва гьединго гьеб буртина гъажалде рехизе щал мустахIикъал ругелалиги. Гьеб буртина гъажалде рехана Кубаялъул революционер Фидель Кастрода, космонавт Андриан Николаевасда. КиналгIаги къватIисел пачалихъазде унев вугониги, нилъер цIар ракIарав гIакъил ва шагIир Расул ХIамзатовасги гьеб босулаан цадахъ, аслияб сайгъатлъун. Сордо базе ккаралъуб рукъги гьеб букIана, рагъда рекIаразул, аскаразул ратIлил формаги гьеб бук1ана.

*(Хадусеб 4-5 гьурм.)*




Исламиял байрамазул бищунго хириязул цояблъун ккола Къурбан хъвеялъул байрам. Гьединлъидалин дунялалъулго бусурбабаз гьеб байрам хираго кIодо гьабулебги. Цо-цо исламиялги цогидалги улкабазда гьеб къо кIодо гьаби ахираб заманалда унеб буго захIмалъабигун.

Амма нилъер улкаялда гьеб байрам кIодо гьаби кидаго уна ракълилаб ва гIодобе биччараб ахIвал-хIалалда. Гьеле, гьединаб къагIидаялда рачIана улкаялъул тIолалго бусурбаби исанасеб Къурбан байрамалдеги. Гьелъул хIурмат гьабилъун ккола нилъер хIукуматалъ гIодобкъолъун рагIинабиги.

Цо-цо гIорхъолъан рорчIарал жал кколел ругониги, гIаммаб къагIидаялда гьеб байрам улкаялъул гьелдаго цадахъ Дагъистаналъулги батIаго районалъулги бусурбабаз исанаги кIодо гьабулеб буго гьудуллъиялъулабгун вацлъиялъулаб ахIвал-хIалалда. Гьелъие гIоло кIудияб рецц буго ТIадегIанав Аллагьасе. Хадубккунги гьединаб хIал гIумруялъулъ цIуниялъе квербакъи гьабеги Аллагьас нилъееги ва тIолабго инсаниятальеги!

Хириял ва хIурматиял район ва ракьцоял гIиссиналги, чIахIиялги, нужеда Къурбаналъул гIидалъул байрам баркулаго, ракI-ракIалъ гьарула нужее гIумруялъулъ кинабго лъикIабщинаб-сахлъи, талихI, гIаданлъи, халатаб гIумру, цоцадехун ракIбацIцIадаб адаб-хIурмат цIунараб балагьи.

Гьел ва цогидалги Аллагь разилъулелщинал хасиятал щула гьареги исанасеб Къурбаналъ нилъер щивасулъ!

**М. ПАТХIУЛАЕВ, районалъул бетIер**

Ассаламу гIалайкум диналъул вацал ва яцал!

ТIоцебесеб иргаялда ТIадегIанав Аллагьасда гьарула исанасеб Къурбаналъул ГIидалъул къо районалъул щивав чиясулъги ва тIолалго бусурбабазулъги иман щула гьабулеб, Аллагьасдасан хIинкъи цIикIкIинабулеб, бусурбабазда гьоркьоб вацлъи ва гьудуллъи щула гьабулеб тIадегIанаб баракатаблъун гьабеян. Гьеле, гьелъулъ буго нилъер цIуниги.

Къурбан хъвей баккиялъул ва гьелъул хиралъиялъул лъаларев бусурбанчи ватиялда щаклъи буго.

Бищунго цебе Къурбан хъвеялъул ГIидалъул байрам кIодо гьабилъун ккола, Аллагьас гьукъарал мацI гьаби, пачалихъалъул букIа, гIадамазул букIа буголъи бикъи, цоцадехун сабру ва гIаданлъи гьечIолъи бихьизаби гIадал нахъегIанал ва чорокал пишабаздасан инкар гьаби ва гьеб рахъалъ тавбу гьаби.

Къурбаналъул ГIидалъул къо баркулаго районалъул бусурбабазе гьарула гьединал, ай Аллагьасул щцим бахъинабулел хасиятаздасан рацIцIалъиги, чорхол сахлъи ва иман щулалъиги щивасул Аллагь разиялщинал мурадал тIурайги.

**АХIМАД-хIажи, районалъул имам**

Хириял диналъул вацал ва диналъул яцал!

Дица нужеда киназдаго баркула гьаб нилъеда тIаде щвараб хирияб Къурбан къо. ГIидул акбар абун жинда цIар бугеб. Аллагьас нилъее баракатаблъун, рахIматаблъун, нилъ киналниги къварилъи-балагьаздаса цIунулеблъун батаги.

Аллагьас нилъее тавпикъги кьейги гьаб зуль-хIиджаялъул къояз кIалалги ккевезе. Аллагьас нилъер ккурал кIалалги, хъурал къурбаналги Ибрагьим Аварагасул (гI.с.) гIадин къабул гьареги. Гьелдалъун нилъер мунагьалги чураги.

Диналъул вацал ва яцал беццараб буго къурбан хъведал гьеб мискинаб пакъираб бакIалде кьезеги.

**З. Чупанов, Болъихъ росдал имам**




Араб анкьалъ нилъер районалда тIобитIана районазда гьоркьосеб гIолилазул форум. Гьенир данделъун рукIана мугIрузул батIи-батIиял районаздаса гIолилазул вакилзаби.

ГIолохъанлъиялъе хасиятаб гIанчIлъигун ва гьайбатлъигун дандруссана гьел Культураялъул рокъоре. Гьенир форумалъул директор МухIамад ХIажиевас гIолилал группабазде рикьана ва лъай-хъвай гьабуна гьезул жиде-жидер кураторалгун. Гьелдаса хадур къокъана Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалде.

ГIолилал рачIиналдего щибаб группаялъул номерал тIадги хъван классал хIадурун ругоан. Гьел классазда жанир гIумрудулъ хIажатал суалазда тIаса кIалъаял гьаризе цере рахъана хIалбихьи ва лъай бугел лекторал: ТIалхIат Зубаирович, МухIамад Курбайтаев,, М.В, Кашук, А. Гимбатов, М.А. Нариман.

ГIолилазда цере рорхарал суалаздаса ккола:

1.БитI ккеялде нух;

2.Росдал магIишат;

3.Таварих-патриотикияб тарбия ;

4.Социалияб проектирование.

Гьел суалазда сверухъ лъикIаб бичIчIиги, раккарал суалазе жавабалги щун хадур гIолилаз сапар бухьана цадахъаб къадеквен гьабизе «Эверест» рестораналде.

Гьединаб букIана гIолилазул форум рагьилалде цебе букIараб данделъи.

КIиабизеги сагIат ункъгоялда гIолилал ракIарана Культураялъул рокъоре.

Гьаб нухалъ гьенибе бухьараб сапар букIана официалияб къагIидаялда форум рагьи.

ЛъикIаб хIадурлъиялда ва махщалида данделъи бачана клубалъул клубалъул хIалтIул специалист Сабрина Сайпулаевалъ.

ТIоцебе кIалъазе рагIи кьуна МухIамад ПатхIулаевасе.

-Ас-саламу гIалайкум хIурматиял гIолилал, тIаде рачIарал гьалбал. Районцоязул цIаралдаса бокьун буго нужее баркала загьир гьабизе форумалда гIахьаллъизе замана батаралъухъ.

КIудияб кIвар кьолеб буго жакъа къоялда жаниб гIолилазул политика цебетIеялъе. Гьаб гIасру буго техникаялъул гIасру, гьелда сверухъ хIалтIиги бищунго лъикI гIолилазда лъала ва бажарула. ЦIияб лъай, цIияб пикру, цIияб бербалагьи хIажат буго нилъер пачалихъ цебетIеялъе.

Обществоялда гьоркьоб хассаб бакI ккола гIолилаз. Гьединлъидал цIакъго кIвар кьезе ккола гьел лъай ва бажари бугеллъун рукIиналъе. Гьелъиейин абуни гьадинал форумал чара гьечIого хIажатал руго.

Биччанте нужер нух кидаго букIине гIурччинаб канлъиялда гьоркь, халкъалъе пайда бугел, гIураб ракь чIухIарал ратаги нуж. Гьарула цебетIей ва икъбал.

Гьединго МухIамад ПатхIулаевас лъикIаб кьимат кьуна форум гIуцIиялъе ва тIобитIиялъе квербакъарал гIолохъабазе.

Гьелдалъун исанасеб районазда гьоркьосеб лъабабилеб форум рикIкIана рагьараблъун.

Хадуб кIалъазе рагIи кьуна форумалъул директор МухIамад ХIажиевасе.

Ас-саламу гIалайкум хIурматиял гIолилал. Форум гIуцIиги , гьеб тIобитIиги, гьениб гIахьаллъиги гIададисеб иш гуро. Гьадинал данделъабаз рес кьола цIиял лъай-хъваял ккезе, гьобол-гьудуллъи цIи гьабизе, пайдаял малъа-хъваял щвезе.

Жакъа лектораз бицаралдаса гIураб лъай щванин ккола нилъее. Гьеб чара гьечIого хIажатаб жо буго гIолилазе битIараб нухде пикруги, жидерго ишги буссинабизе.

Бокьун буго ракI-ракIалъ баркала загьир гьабизе форум тIобитIиялъулъ квербакъарал гIолохъабазе. Гьел ккола форумалъул куратораі: Хизри Ибрагьимов, ГьазимухIамад Гьазиев, Юсуф Нурудинов, АхIмад ГIумаханов. ГIолилал, гIолохъанго рукIадго буссинабе жан пачалихъалъеги, халкъалъеги пайдаяб рахъалде,- ян хит1аб гьабуна гьес.

Гьединго кIалъазе рахъана форумалъул кураторалги.

Аваданлъиги гIолохъанлъиги цадахъго унин абухъего, гьеб данделъи букIана кечI-бакъаналдалъун, кьурди-ихтилаталдалъун бечедаб.

Расул ГIумаровасул, Шамсият ГIисаловалъул кучIдузги, «Болъихъ» ансамблялъул кьурдиялъги хассаб чIаголъи кьуна гьадинги гIолохъанлъиялъ нур бараб гьеб данделъиялъе.

Ахиралда гIолилазул суалазе жавабал кьуна МухIамад ПатхIулаевас, Россиялъул БахIарчи ДибирхIажи МухIамадовас.

Гьединан ана тIоцебесеб къо.

Абизе бегьула форумалъул кIиабилеб къо жеги чIаголъиялда анин.

ТIобитIана интеллектуальнияб хIай «Брейн-ринг», гIуцIана выставкаби, конкурсал, спортивиял х1аял, лъай-хъвай гьабуна цIар рагIарал ва машгьурал спортсменазулгун. Ахиралда шапакъатаздалъун, гьара-рахьияздалъун рагIалде бачана гьеб тадбир.

Исана форумалда гIахьаллъана ГIахьвахъ, ЦIумада, ЦIунтIа, Хунзахъ, Гумбет ва Болъихъ районаздаса вакилзаби. Гьел ккола жидедасан пайда букIине, лъикIаб рахъалде Республикаго бачине бокьарал гIолилал.

Гьединал пикрабазда150 гIолилаз 14-15 абилеб августалда парпадизабуна гьудуллъиялъул, гьоболлъиялъул, Республикаялъулго гIумру лъикIлъизабизе , гIагараб ракь цебетIезабизе щулаго лъураб галиялъул ва гIолохъанлъиялъул байрахъ.

***З. МУХIАМАДОВА***

## ТIагIат ва гIибадат

# КЪУРБАН ХЪВЕЙ ВА ГЬЕЛЪУЛ ХIУКМАБИ

Къурбан хъвей нилъер аварагас (*салаллагьу тагIала гIалайгьи ва саллам*) цIакъго тIадчIей гьабураб суннат буго. Къурбаналъе хъвезе бегьула варанаби, чIегIерхIайванал, гIиял, цIани. Цо чиясул цIаралда хъвезе бегьула цо сон бараб гIиялъажо, яги кIиго сон бараб цIел жо. ЧIегIерхIайван гIола анкьго чиясдасан. Гьел бутIадулаца гьан бикьизеги бегьула бащалъи кколеб хIалалъ. Къурбан хъолев чиясе карагьатаб буго Зуль-хIижжаялъул байбихьудаса бахъараб анцIабилеб къо, ай Къурбан хъвезегIан рас кIкIвазе ва гьеб кьунцIизе. Къурбаналъе бищун хирияб буго гIиялъажо, хадуб цIелжо. Гьединго хирияб буго хъахIаб, кьарияб, бихьинаб. Кьинаб букIин лъалеб, унтараб, цIакъго хIалакъаб, рекъаб, беццаб, хъирис бараб жо Къурбаналъе хъвезе бегьуларо. Берда накIкI лъугьун букIиналъул ва кьинаб букIиналда щакаб, кьарияб хIайваналъулги ургъел букIунаро. Канлъи дагьаб, гIин бихъараб, сверараб, хIанал рахъараб, гванзаб, кигIан гIемер кьинлъараб батаниги цIуяб, цаби ротараб, гIангисаб хIайван Къурбаналъе гIола, цIакъго хIалакъаб батичIони.

ГIуж базе гIадатияб къагIидаялдаса цIикIкIун гIин кьотIараб хIайван нилъер Имам ШафигIил мазгьабалда рекъон Къурбаналъе бегьуларо, имам Абу – ХIанифал, ялъуни имам Маликил мазгьабалде такълид гьабун гурони. Гьединаб хIайван хъвезе рес гьечIев, яги бутIа гьабун хъвезе рес гьечIев чияс Къурбан хъун хъизан – лъимал рохизарила Къурбан къоялъ сундасан бугониги. Би биччазе бегьула Ибну ГIаббасил рагIиялда рекъон гIанкIу – хIелекоялдасан, ордекхъазалдасан, гургуралдасан ва гь.ц.

Къарахъа МухIаммад ТIагьирица (рахIимагьуллагь) хъвалеб буго жиндир устарас амру гьабулаан гьев Ибну ГIаббасил (жиндаса Аллагь разилъаяв) мазгьабалде такълид гьабеян. Гьединго абулаан гьес ГIакъикъ хъвеялъул хIакъалъулъги, лъимер гьабурав чиясда рес батичIони, гьев ибну ГIаббасиде такълидги гьабун хIелеко хъвеян.

Гьеб къурбан хъвезе бищун хирияб гIуж буго Зуль-хIижжа моцIалъул анцIабилеб къо, цо хочол манзилалъ берзуе анкьго натI гIанасеб манзилалъ бакъ эхеде борхараб заман. ГIуж нахъе хутIула ташрикъазул къоязул бакъ щинкIизегIан, ай 12 - леб Зуль-хIижжаталъул бакъ щинкIизегIан. Гьел къояздаса цебе хъвезе бегьуларо. Къурбан хъвезе нийят гьабизе тIадаб буго паризаяб букIаниги, суннатаб букIаниги гьадин: «Дица нийят гьабула дир яс ПатIиматидаса гьелъул изнуялда рекъон суннатаб Къурбан хъвезе Аллагьу акбар»- абун. Паризаяб бугони паризаяб абила. Къурбаналъе хъолеб мехалъ хIайваналъул чорхолъ чIараб чIаголъи букIине ккола би чирун, лага багъарун, хIухьел биччан.

Хъолеб жоялъул Имам ШафигIил мазгьабалда рекъон тIубан мукъулукъги, рисиги кьотIизе ккола, Маликил мазгьабалда гьеб кIиябгоги, гьезда аскIоб бугеб бидул рихьги кьотIизе ккола, ХIанафил мазгьабалда гьеб ункъалъулго лъабгояльул цIикIкIараб бакI кьотIизе ккола.

Хъолев чи вукIине ккола бусурбанав, гIакълу бугев, гьеб хъун бажарулев, бихьинав вукIа, цIуяв вукIа, гьитIинав чи вукIа. Къурбан хъолев чиясе суннатаб буго хъолеб жоялда рахIму – гурхIел гьабизе, хъолеб бакIалде бехьерхъун бачинчIого, берцинго бачун, гIодоб тIамулеб мехалъ хIеренго тIамун, тункичIого, бохал чучго тун, тIаде регун захIмалъи гьабичIого. Гьединго нус рекIинабизе ккола лебалаб къагIидаялъ гьелда бихьулареб, рагIулареб бакIалда, хъвезеги ккола цоги хIайваналда бихьулареб бакIалда, нусги цохIо нухалъ бахъаниги гIолеб хIалалъ рекIун букIине ккола. ЧчукIкизеги ккола тIубан рухI бахъун лъугIараб мехалъ. Гьеб хъолеб мехалъ ракIалде ккезе ккола Аллагьасе мукIурлъи. Гьесул ругел чIахIиял нигIматазде ва гьел хIайванал нилъее мутIигI гьариялда щукруги гьабун вукIине ккела. Гьединго суннатаб буго жиндирго Къурбан жинцаго хъвезе, ялъуни цогидас хъолеб бугони аскIов вукIине.

Такбир бачинеги суннатаб буго хъвелалде цебе. Хъолеб мехалъ «Бисмиллагьи Аллагьу акбар» - абун абила, хадуб тIадеги жубала: «Инна салат ива нусуки вамахIяя вамамати лиллагьи раббил гIаламин ла шарика лагьу ва бизалика умирту ва ана минал муслимин». Гьеб мехалъ Къурбан хъолев чиги хъолеб хIайванги кьиблаялдеги буссинабун гьадин дугIа гьабила: «Аллагьумма гьаза минка ваилайка фатакъаббал мини иннака анта ссамигIул гIалим» - абун.

Хирияб буго Къурбаналъул гьан кинабго садакъаде кьезе, гьедин гьечIони садакъаде кьолеб жо лъабго бутIа гьабун цо бутIаялдаса дагьлъизе биччангутIизе. ТIадаб буго цо бутIа, хирияб буго цо лага чIаго садакъаде кьезе. Гьедин кьезе белъараб, бежараб бегьуларо, ургьиб букIунеб жо бегьуларо, бетIер, чIинчIал, тIатIи, мох- мох бегьуларо, гьелъул тIом- цIоко бичизе бегьуларо, садакъаде кьезе ккола. Живго тун батIияв чиясдаса Къурбан хъвезе бегьуларо гьесул изну гьечIого, хварав чи вугониги. Амма Къаффал абулевги, АбулхIасанил ГIуббади абулевги гIалимзабаца абун буго, гIагарав хварав чиясдасан Къурбан хъвезе бегьулаян, гьедин хъураб Къурбаналъул гьан кинабго садакъаде кьезе ккола. ИкънагI абулеб тIехьалда хъвалеб буго чияс жинцаго хъураб Къурбаналъул кириялда гьоркьоре хъизан – лъимал, агьлу гIахьал гьаризе бегьулаян.

Къурбан хъвезе тIалъула, ай паризаяблъун лъугьуна назру гьабун ва тIаде босун бугони, цIар чIван бугониги. Масала, гьаб куй Къурбаналъе хъвезе бугилан абун гьеб хъвезе тIадаб буго, гьелъул кинабго гьан бикьизе ккола.

Къурбаналъе малъарал гIиял, цIани, гьездаса лъугьараб бихьинаб наслу Къурбаналъе хъвезе абун нийят гьабуни, гьеб ккола тIаде босараб Къурбан, гьелъиеги добго хIукму бачIуна. Гьединлъидал лъикIаб буго нийят гьабулев чияс мухIкан гьабизе Къурбаналъе хъолеб жоялъул цо лагайищ кьелеб садакъаде, лъабго бутIайищ, тIолабгойищ абун.




## НУЖЕЕ ПАЙДАЯЛЪЕ!

ЦIАЛИЛА:

1. Кверкьолеб бакIалда (тазиялтада)
2. Чи хванин рагIидалги

БИСМИЛЛАГЬИ –Р-РАХIМАНИ –Р-РАХIИМ* ИННА ЛИЛЛАГЬИ ВАИННА ИЛАЙГЬИ РАЖИГIУН ФАЛХIУКМУ ЛИЛЛАГЬИЛ ГIАЛИЙИЛ КАБИР* ВАЛХIАМДУ ЛИЛЛАГЬИ РАББИЛ ГIАЛАМИН* БИХIУРМАТИ СУРРИ СУРАТТИЛ* АЛЬ ФАТИХIА

ЦIАЛИЛА:

1. Хабалазул кIалтIа, яги хабалалъ жанире лъугьунаго

БИСМИЛЛАГЬИ –Р-РАХIМАНИ –Р-РАХIИМ* АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ АГЬЛА ДАРИ КЪАВМИЛ МУЪМИНИНА ВА ИННА ИНШААЛАГЬУ БИКУМ ЛАХIИКЪУНА АЛЛАГЬУМА ЛА ТАХIРИМНА АЖРАГЬУМ ВА ЛА ТАФБАГIДАГЬУМ ВАГЪФИРЛАНА ВАЛА ГЬУМ * АЛЬ ФАТИХIА

ТIоцебесеб фестиваль-ГIандадерил буртина

# КЬЕРХЕН БУКIАНА МУГIРУЗДА,




Гьелда гъорлъги жемун чам бахIарас йокьарай, кьибил-тухум данде чIун кьеларилан абурай, бахIарайги хъамурай. Хъумур рехъалъ речIчIизе теларилан сордо борчIулев ворчIухъанги гьелда гъорлъе лъугьунаан. ЛъугIи гьечIо буртинадул бицине байбихьани. Гьелда гъорлъ бижана кечI, гьелда гъоркь жемана къвал. Фазу Г1алиевалъ гьабуна кечI «ГIандадерил ясал, салам нужеде Нужеца бугIулеб буртина гIадаб»,- абун.

Районалъул бетIерас тIадчIей ва кIалъазе рагIи кьуна Чачан республикаялъул нилъер мадугьалихъ бугеб Ведено районалъул бетIерасул заместитель Дужиев Мансурие. Гьесулги сабураб ва гIодобе биччараб кIалъаялъ лъугьинабуна хьул, дол цересел гIасрабазго гIадин, магIарулазулги чачаназулги ракълидагун гьудуллъиялда къарабзаргIадиннилъгъункиялда.

Кинацаго кIудияб асаргун къабул гьавуна гьезулго тарихчи ва гIалимчи. Кинацаго ракI-щивасда ракIалдеги щвезабуна кIудиязул хIурматгун адаб цIунизе, эбел-инсул къимат гьабизе ва Ват1ан бокьизе ккей.

Гьай-гьай, кIудияб асар гьабуна, гьаб байрамалде хас гьабун ахIарав, Ведено районалъул маданияталъе нухмалъи гьабулев вугев Гакаев ГIабдулнасирил кIалъаялъги. Гьес жиндирго кIалъай лъугIарабго, нилъер районалъул культураялъул управлениялъул начальник Лейла Жабраевалъе гIажаиблъун хутIана Юсупил гьеб тIехьалъул хIакъалъулъ тIоцебе рагIанилан. Авторас тIахьал сайгъат гьаруна мажлисалда г1ахьаллъаралщиназе ва кигIан, щибилан багьа цIехедал, нужее чIорого хIалал гьарунилан назруги гьабуна.

Гьалбадерие нилъерго районалъул «бренд» буртабиги сайгъат гьарун, кIалъаял къокълъизе тана.,




Хадуб ПатхIулаевас рехсана мажлисалде рачIаралгьалбадерил сайгъат гьабуна тIугьдулги жаниб лъураб чинидул кIудияб ваза.КIиябго районалда гьоркьор ругел ва рукIинесел пикраби дандрараб, вацлъиялде, ракълиде ах1араб чачанасул цевевахъиналъ г1адамазул рак1ал г1агар гьаруна.

Хадув гьес сценаялде ахIана нилъер гIалимчи ва тарих цIехолезул цояв, тарихиял г1елмабазул доктор профессор Юсуп Дадаев. Гьес къватIибе биччараб, Имам Шамилил гьудул ва кваранаб квер, ккаралъув ватарав чачанав «Байсунгъур Беноев» абураб тIехьалъул цебебахъи гIадаб жо лъугьана (презентация). Чачанал риххун цIарал. Халатаб манзилги тун рачIарал Хив, Агул, Къасумкент ва гьединго ЧIарада, Казбек, Гумбет, ГIахьвахъ, ЦIумада, Хунзахъ, Шамиль районал.

Щур-щуриги, гъвелалги, разилъи гьечIолъиги камуларо гьадинал гIуцIабигун данделъабазда ва лъугIуларо гIайибал. ГIадан, инсан дандчIвачIо ва рагIичIо цохIо рагIицин рази гьечIолъиялъул абулев. Гьединлъидалин, цох1о чи нахъе инчIого,чвахун балеб цIадакь, цIалтунги риччун, х1айранго балагьарал г1адамал рачунел макъназухъги, ахIулеб кочIохъги, миллиял кьурдабазухъги.



гьабуна гьаб байрам кIиго миллат гъункизабулеблъун хутIизе хIаракат бахъилилан ракIалъ къабулги гьабуна гьес рикIкIараб Расул ХIамзатовасул «НагIана» абураб кечI ва гьелъ



*ТIоцебесеб фестиваль-ГIандадерил буртина*

# ХИНЛЪИ ХУТIАНА РАКIАЗУЛЪ















К1удияб къимат кьечIого гIоларо къачIа-кIатIайги, къамартIлъиги, къагIидаги ц1унун цере рахъарал чачаназул хаслъиялъе. Гьезул мац1 лъалеб гьечIониги, цIияб асаргун жан жубазабуна щивасул рекIелъ.

Гьединго, дирго тIадежубайгилъикI букIинаан, гIандадерил мугIрузул сог1лъиги кьучIое босун, байрам цо роол бакьулъ,июль моцIалъ гьабиялда т1ад ургъани.

РакIалде ккола гьеб «ГIандадерил буртина» магIида бан хутIиларилан, рахалазеги хIалтIи камиларила ва наслабаз наслабахъе кьун, кьурдихъатгун, кечI-макъангун «Казеной-амалда» каранда бараб кенчIолеб цIвалъун лъугьинилан.

ЛъугIичIо гьеб байрам, байбихьун буго, байбихьи кидаго захIматаб букIуна.

«ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьараз, бекьичIого лъилъе, нилъ гьечIого хур». (Инхоса ГIалихIажияв).

К1удияб баркалаялъе мустахIикъал руго гIандадерил росдал вакилзаби, хасго росдал бе тIер ва гьединго районалъул цогидал росабазул нухмалъулелги. Цоясдаса цояв цIакъавлъугьун,хIаракатбахъулеб букIана гьез нижер столги, тепсиги, тастаралда нигIматалги, тIагIамалги, тIутIги бечед гьабизе. Гьеб байрамги майданги рагьараб зодоб бугеб музеялде сверун бук1ана.

Перелоги, квартIа-гъецIги, лапчги,ай кIочон тарал, цIарал лъаларел тIагIел-алатги-унго-унгояб устарзабазул росуян кколаан сверухъльиго. Кире рачаниги нилъ нечоларел устIарзабазул щивав мустахIикъав вуго хасаб макъалаялъе, кино бахъизе. Маданияталъул хIаракатчагIазулги гьебго гьунар, гьечIоан чIамучIлъи, чIалгIанин, бизар гьабулеб церерахъин, цояздасан цоял бергьарал, берцинал ясал, беричал васал,искусствоялъулгьунарчагIи.

Дун гIедегIана гIадамахъе гьаб рохалилаб хабаргун, хутIана «Казеной-амалда» магIарул кечIги, макъанги, къамартIаб чачан кьурдиги.

Кьерхен букIана мугIрузда, хинлъи хутIана ракIазулъ.

Нух битIаги дуй, «ГIандадерил буртина», къо-мех лъикI «Казеной –ам»! Киназго ракIалде чIезабе кIудияб байрам! Гьедин лъугIана тIаде-тIадеялъул дагъабги цIубараблъун, щвалде щвараблъун ва Республикаялъулго кIваралъулаблъун лъугьине рес бугеб, ТIоцебесеб фестиваль.

**Адам АВАРАВ**

Августалъулал лъугьа-бахъиназ 20 сон тIубаялъул юбилеялде

# Цолъиги гъункиги-чIагояб мисал

Гьале дун «ХIамилгIин» магIарде тIадеги яхун хьат гIадин цебе лъун бугеб районалде балагьун йиго.

ХIамилгIин мегIер Дагъистаналъул, гьелдаго цадахъ





Россиялъулги таварихалде ана 1999 соналъул август моцIалда халкъазда гьоркьосел хъачагъазул





къокъабаздаги Россиялъул рагъухъабаздаги гьоркьоб рагъ ккараб бакI хIисабалда.

БитIахъего рагъуе санагIалъи бугеб бакI буго гьеб. ГIемерал руго рахчизе чIахIиял ганчIал, гIинтIидул хъархъал, гьарзаго рижарал кIкIалал.

ХIамилгIин мегIералъул борхалъудасан хъатинир лъурал гIадин рихьула ГIанди гIурул жаниблъи, Гъодобери, Болъихъ, АнсалтIа, РахатIа росабазул ракьал, ТIандадерил цо бутIа, гIурул кваранаб рагIаллъудехун ругел ГIалахъ, Хелекьури росаби ва Инхелосезул кулаби.

Гьеб мегIералде тIаде яхине захIматго букIана, букIаниги рагIалде бахъана сапар. Дунялалъул, гIумруялъул, гIолохъанлъиялъул, сверухъ бугеб берцинлъиялъул пикрабазда йикIадго, ракIалде щвана ХIамзалав ХIамзаловас ахIулеб букIараб кечI.

«Ясай, мун кин йигей анцIила микьилъ».

Кинха йикIиней, росдал гIадамалго гIадин, росу тун гочине къайи-матахI бакIарулей йикIана дунги доб 1999 соналъул дирго гIумрудул 18 абилеб рииялъ.

Школаги лъугIун лъолеб тIоцебесеб гали нижеца лъуна халкъазда гьоркьосел хъачагъаз боркьараб цIадулъе. Институтазде экзаменалги кьун, росулъе рачIарал нижеда дандчIвай гьабуна ахIичIел гьалбадерица. Ярагъгун рачIана «гьалбал» нилъер ракьалде, амма рагъдасан хIинкъулеб, ккараб къоги борхулареб халкъ нилъер киданиги букIинчIелъул, гьаб нухалъги гьел мекъи ккана. ГIолохъанлъиялде гали лъолел нижеда, тушманас бачIараб рагъул цIа гуребги, хадубккун мисал босизе ва цIунизе мустахIикъаблъун бихьана магIарулазул, росуцоязул,



дагъистаниязул цолъи. Нижер беразда цебе букIана чIагояб мисал. ЧIагоял бахIарзазул къисматалъ рагьана дунялалдехунги, гIаданлъиялдехунги, ритIухълъиялдехунги, унтудеги, рокьиялдеги, цолъиялдеги, гьуинлъиялдеги берал. Улбузул гIодиялъги, гIолохъабазул бахIарчилъиялъги даимаб лъалкI тана гьинал рекIелъ.

Гьеб рагъ ана районцоязул рекIелъ гьваридал, сахлъуларел ругъналги лъун. Гъодобери росулъа кIиго шагьидасул эбел Нупайсатида, РахатIаса Баширил яцазда, гьединго гьеб рагъда эмен, вас, вац камурал дир къалмикье цIарал ккечIезда кида гьеб кIочон телеб.

Яргъид гIуцIарал хъачагъазде данде гьабураб къеркьеялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло районалда вахъана лъабго герой, гIемерал мустахIикълъана орденалгун медалазе.

Хъачагъал нахъе рачахъана ва гIемераб ярагъ, техника гьанибго хутIана. Жалго инжитлъараб ахир ккана Болъихъ районалда рагъул кор боркьарал халкъалда гьоркьосел хъачагъазул.

МахIрумлъана гIадамал магIишат-яшавалдаса, боцIи-панзалдаса. Кинабго бецIила ва амма рекIелъ лъураб ками, кинидахъ ахIулеб кечI гIадин гIисинккун угьдилеб хутIила.

Жакъа гьаб мегIералдасанги балагьун хIисаб гьабидал, сверухъ берцинлъи гурони гьечIо, заманаялъ чурун буго гIалах цIун бегарал хвараб боцIиги, рухIарал, кьвагьарал минабиги.

ГIицIго ракIалде щвеязги, газет-журналазги гурони нилъее доб рагъул хIакъикъат рагьулебхIал гьечIин ракIалде ккедал, маян бер речIчIана доб рагъул чIагояб вакил, биххараб, чIунтараб, басрияб ТIандо росдаде.

Аллагьас рагъ бихьизе хъван батугеги абураб гьаригун дунги къокъана дирго хирияб, гIагараб ХIамидов ГIабдулал гьунаралъ жиндир цIар Кремлялдаги рагIинабураб Шодрода росулъехун.

**З. МУХIАМАДОВА.**

Августалъулал лъугьа-бахъиназ 20 сон тIубаялъул юбилеялде

# ОПОЛЧЕНЦАЗУЛ ЦОЯВ

Гьале тIаде щвана халкъалда гьоркьосел хъачагъаз нилъер районалде гъужум гьабураб август моцI. Гьеб къо 19 соналъ цебе нилъее лъугьун букIана магIу



тIураб ва ццин гьалагаблъун.

Гьеб ракIалда батила щивав чиясда. Жакъа столалда тIад бугеб «Война в Ботлихском районе» абураб тIехь бегулаго бер речIчIана Шодрода росулъа Керимов ГIабдулкаримил сураталда ва ракIалде ккана гьесул хIакъалъулъ макъала хъвазе.

Гьаб лъугьа-бахъинги ккола «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абураб ахIиялда гьоркь бачине кколеб.

Цо-цояз абизе бегьула кутак гьабун батилин гьесул хъвазе, кIудиял героял ругин сверухъ (цо-цо хIакъикъиял, цо-цо понцIорал) абун, амма дица дирго рахъалъ абила: гьадинал гIадатиял гIолохъабазул рухIалги шагьидлъунин героялги раккулел абун.

КIудияб шапакъаталъе гIоло гуреб, гIагараб ракьалъе гIоло рухI кьезе хIадураб гIолохъабазул хIакъалъулъин хъвазего кколеб.

Дагъистан тун къватIив вукIарав ГIабдулкарим гьеб лъугьа-бахъин ккедал нилъер районалдаса нус-нус гIолохъабиго гIадин, гIедегIана тушманасдаса гIагараб ракь эркен гьабизе.

ВачIинахъего лъугьана ополченцазул къокъаялде гьорлъе ва тушманасдаса гIагараб ракь цIунизе, ритIухъав солдат гIадин, вахъун чIана гьезул мухъилъ.

Кидаго кумекалъе хIадураб гьесул гIамал-хасияталъ къабул гьабулеб букIун гьечIо нахъегIан чIезе, гъужумалъулъ гIахьаллъи гьабизе виччан течIони, цIакъ ццидахизеги ццидахунаанила гьев. ГIабдулкаримица гIей гьабулароан гIицIго гъужумалъулъ гIахьаллъун. Хал гьабулаан ругелищ сардилъ районалъул къватIахъ ине бакI гьечIого къватIир хутIарал гIолохъаби. Ратани цадахъ рачун санагIалъи гьабулаан гьезие къижизеги, кваназеги бакIалъе.

Киналниги руччабигун лъимал гочарал гьел къоязда ГIабдулкаримие вукIине бакI батана цогидалгун гочун инчIей яцгIалалъухъ.

Гьединан гьесдаги цо минуталъгицин кIочон толароан ккараб къо борхун цадахъ рахъун чIарал гIолохъаби.

Дида кидаго ракIалдаса унаро гьесул рагIаби: «Дие гIадамал гIадин гьел цоцаеги рокьулел рукIарабани, ракьалда кидаго рекъел букIинаан» абураб.

ГIабдукаримги ккола гIумруяшав гьабулеб бакI рехунги тун гIагараб ракьалде къо ккедал вахъун чIарал ополченцазул цояв.

Гьел гIемерал рукIана. Гьезул щивав нилъеда кIочон тунги гьечIо. КIочон гьечIеблъи бихьила Салман ХIасбулаевасул «Война в Ботлихском районе», ПатIимат Балдугъовалъул «Воля народа сильнее оружия» абураб тIахьал цIалидалги.

Дол рагъул къояз ГIабдулкаримида релълъараз бихьизабуна кинаб букIине кколебали ВатIаналдехун рокьи, тушманасдехун ццин, бихьизабуна халкъ цолъани цогояб бергьенлъи босулеб куц.

## ЖЕГИ КIОЧОН ГЬЕЧIО, РАКIАЛДА БУГО

Жеги кIочон гьечIо, ракIалда буго
Доб, ичIцIалиялда ичIабилеб сон.
Болъихъ районалъул цо чамго росу
Сордо рогьиналде сверун ккураб куц.

Яргъида гIуцIцIарал Чачаназул бо
Чамго гIарабавги гьелгунго цадахъ
Дораса-гьаниса рища-хъирщарал
Лъабазарго хъачагъ вугоан вачIун.

Гьезул бетIерлъуда Басаев вуго
Хадув Хаттаб вуго кваранаб кверлъун.
Районалъул карта кисинибги лъун,
Лъалеб буго гьазда кинабго сухъмахъ.

Августалъул бухIи, багIарараб моцI
ХIамил гIинда рещтIун руго хъачагъал.
Росаби рехун тун, унел гIадамал
ВатIан цIунизейин чIарал гIолилал.

АхIичIого щварал гьалбадерида
Хехлъи гьабун буго ракь тезабулеб
Къаси кьижичIого къад хIалхьичIого
Къеркьана киналго магIарул тIалъи.

Россиялъул армия къуватаблъидал
Къаси-къад рагъана бœвикалгун.
Самолетаз балеб бомбадул гьаракь
Жеги кIочон гьечIо гьаб районалда.

Кварилъи бихьана нилъер халкъалда
Лъукъарал ва хварал гIемерал руго
Гьеб рагъда гIахьаллъун Герой вахъарав
Вуго районалъул нилъер лъабго чи.

Амма бокьиларо тIокIаб рагIине
Амма бокьиларо тIокIаб бихьизе
Биччанте ракьалда рекъел букIине
Рагъул къвагьи тIокIаб рагIунгутIизе.

**ГIумардибир ХIАБИБОВ.**

# ГЪОДОБЕРИСЕЙ НУПАЙСАТ...




Чачаналдасахун халкъалда гьоркьосел хъачагъал рачIарал 1999 соналъул августалъул къояз Россиялъул гIемерал гIолохъабаз рухI кьуна гIагараб ракьалда рекъелги, эркенлъиги цIунизе.

РухI кьуна дагъистанияздаса 22 гIолохъанчиясги. Гьездаго гьорлъ рукIана Гъодобери росулъа Муъминова Нупайсатил кIиго васги.

Унго-унгояб къо баччи бихьизабуна Нупайсатица гьеб хабар рагIиндал. Гьелъул къвакIун чIеялъ, ракI асир гьабурав полковник Рустам Ибрагьимовас кочIол мухъалгицин хъвана бахIарчияй эбелалъе:

**Нолъ, дицаго къалам кодоб босидал**
**БатIиял вас-васаз кванана керен**
**ГьадигIанго къисмат киндай бигъараб**
**БахIарчилъиялда жал рагъаразул.**

**Лъабго вас витIана рагъул коронив**
**Лъалаан тIад руссун рачIунареблъи**
**Бугониги хьулаз божулаан ракI**
**Руссинин дир васал рокъоре абун**

**Гьарула дидаса тIаса лъугьаян**
**Лъукъарал ругъназда квал-кваданилан**
**Кинго бичIчIунаро гIемерисезда**
**БухIиги, угьиги Дагъистаналъул.**

**Бищун кIудияв вас рукъалъул кIалтIа**
**Жив бидулъги вецIцIун, къулун кIалъана:**
**«Эбел, тIаса лъугьа, гIайиб гьабуге,**
**Дун цохIо хутIанин хъачI балагьуге»**

**Ругодай цогиги гьадинал улбул**
**Жидецаго васал рагъде регIарал**
**Кинниги гIадада къеркьон гьечIо нилъ**
**ВатIаналъе рухIал къурбанлъунги кьун.**

**З. МухIамадова**

**Газета гIуцIарал:**

**МР «Болъихъ районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**БетIерав редактор**
**ГI. ГIумаханов**
**Отделалъул редакторал**
**П. Дибирова**
**М-Р. ГъазимухIамадов**
**Мухбирзаби**
***З.МухIамадова***
***М. ГIумаханова***
**Корректор**
**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
**Ш.Муртазалиев**

***Индекс: 368970***
***Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI***

***Телефонал:***
***Редакторасул 2-20-53***
***гIаммаб 2-20-37***

***Эл. адрес***
***druzhba555@mail.ru***

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Тираж -550***
***Индекс-51349***
***Багьа-6 гъурущ***

***Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ***
***Газета кьабуна 20.00***
***Заказ №______***

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ***

***№ 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.***

# Заявление на получение набора соцуслуг

Раньше подать заявление на получение соцуслуг можно было непосредственно в территориальном органе ОПФР по РД или в филиалах МФЦ. Напомним, что теперь заявления можно подать через Интернет, что очень удобно, так как не требует личного визита гражданина в ПФР*.

В Личном кабинете гражданина на сайте Пенсионного фонда России работает сервис, с помощью которого можно выбрать форму получения набора социальных услуг (НСУ) или его части. Сервис позволяет федеральным льготникам, имеющим право на получение набора соцуслуг, подать в электронном виде заявление о предоставлении НСУ (или его части), об отказе от него или возобновлении его предоставления (части НСУ).

Отметим, что право на получение государственной социальной помощи в виде набора социальных услуг предоставляется всем получателям ежемесячной денежной выплаты. Напомним, что стоимость набора соцуслуг с 1 февраля текущего года составляет 1075 рублей 19 копеек в месяц. В него входят:

-обеспечение в соответствии со стандартами медицинской помощи по рецептам врача (фельдшера) необходимыми лекарственными препаратами, изделиями медицинского назначения, а также специализированными продуктами лечебного питания для детей-инвалидов - 828 рублей 14 копеек;

-предоставление (при наличии медицинских показаний) путевки на санаторно-курортное лечение, осуществляемое в целях профилактики основных заболеваний - 128 рублей 11 копеек;

-бесплатный проезд на пригородном железнодорожном транспорте, а также на междугородном транспорте к месту лечения и обратно - 118 рублей 94 копейки.

Важно помнить, что изменить решение о получении набора социальных услуг на 2019 год можно до 1 октября.

# ДУН ГIАДИН АЛЛАГЬГИ РАЗИЛЪАГИ

Дагьал церегIан къояз редакциялде вачIана жиндир саналункъойилъе рахарав гIадаб, гургинаб гъумералъул, гьайбатаб гьимиялъул кIудияв чи.

Жив кколила Гъодобери росулъа К ъ у р а м у х I а м а д о в Шагьрунаби ва жиндир мурадги бугила МахIачхъала шагьаралда бугеб больницаялъул беразул врач Наида ГIалидибировалъе ракIракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьи,- ян загьир гьабуна гьес.

Дун эбелалъ гьавун вуго близорукий, махщел камилай тохтуралъ дун гьавуна операцияги гьабун дальнезоркий,-ян абуна гьимулаго кIудияс.

Квер тIадагьай, кIал-мацI пасихIай, недегьай гьей гIаданалъе газета гьоркьоб ккун баркала кьечIого дун ракIалъ толего гьечIин чучана херав.

Наида йиго у н г о - у н г о л ъ у н г и тохтурлъиялъе йижарай гIадан. Унтарав вичIчIиги, гьесул ракI батиги, недегьаб рагIиги, хIеренаб гьимиги, гьединаб бербалагьиялъ унтарасул ругъунги сахлъула, сахлъиялде хьулги цIикIкIуна.

Дунго кIудияв саназда вугев чи вугониги дир рекIелъ чIаголъиги тIегьазабуна, беразе канлъиги гьабуна гьей гьайбатай тохтуралъ.

Дун гIадин Аллагьги разилъаги гьелдаса.

# Баркала загьир гьабулеб буго

ХIурматиял ва адаб-хьатир цIунарал Болъихъ районалъул росабазул жамагIат.

Нужер районалъул «Гъудуллъи» газета гьоркьобккун абизе ва гьаризе бокьун буго мунагьал чураяв дир эмен МухIамадов ЗулхIужа ГIалиевич хвеялда бан, кверкьеялде рачIаралги, зигара баралги киналго Аллагьас кIодо гьареги, Бичасда цере нужги ритIунккараллъунратаги.

Р а к I - р а к I а л ъ у л а б баркала нижер Щумада районалъул тIолабго ж а м а г I а т а л ъ у л г и , хъизамалъулги нужее.

**Мунагьал чураяв ЗулхIужал вас МухIамад.**

# РАЗЫСКИВАЮТСЯ



Магомеднабиев Магомед Муртазалиевич 27.06.1988г.р., уроженец с.Миарсо Ботлихского района.
Разыскивается по ч.2 ст.208 УК РФ.



Шаруханов Магомедгаджи Убайдулаевич 1959 г.р., уроженец и житель с. Рахата Ботлихского района.
Разыскивается по ст.105 УК РФ.

# Прокурор района сообщает:

## Приняты поправки, касающиеся особенностей труда несовершеннолетних

Федеральным законом от 01.07.2017 № 139-ФЗ внесены изменения в Трудовой кодекс Российской Федерации, уточняющие положения о продолжительности рабочего времени для несовершеннолетних граждан, работающих в период летних каникул.

В силу действующего трудового законодательства особенностью регулирования труда подростков является, в том числе, сокращенная продолжительность рабочего времени.

Ранее на детей в возрасте от 14 до 15 лет в случае их трудоустройства в период летних каникул распространялась общая норма о продолжительности сокращенного рабочего времени, без учета дополнительных ограничений, которые предусмотрены для несовершеннолетних, совмещающих работу с учебой.

С 12 июля текущего года для работников (включая лиц, получающих общее образование или среднее профессиональное образование и работающих в период каникул) в возрасте от 14 до 15 лет устанавливается продолжительность ежедневной работы (смены) - 4 часа, в возрасте от 15 до 16 лет – 5 часов, от 16 до 18 лет -7 часов.

При этом для трудоустройства 14-летних подростков требуется письменное согласие одного из родителей (попечителя) и органа опеки и попечительства.

***Прокурор района, советник юстиции Д.А. ДЖАБРАИЛОВ***